



MIAMI BEACH

Fòmilè pou Pote Plent kont Vyolasyon Dwa Moun nan Minisipalite Miami Beach

Pou Biwo Minisipalite a Sèvi Sèlman

Nimewo Dosye: _____

Dat Plent lan Resevwa: _____

I. Enfòmasyon sou ou (Pleyan an)

Siyati	Non	Inisyal Non nan Mitan	
--------	-----	-----------------------	--

Adrès	Vil	Eta	Kòd Postal
-------	-----	-----	------------

Nimewo Telefòn Lakay ()	Nimewo Telefòn nan Travay ()	Telefòn Selilè ()	Adrès kouryèl
-----------------------------	----------------------------------	-----------------------	---------------

Dat Nesans	Gason oubyen Fi <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	Ras	Peyi kote ou te fèt
------------	---	-----	---------------------

Marye, Selibatè, oubyen Plase					
<input type="checkbox"/> Selibatè	<input type="checkbox"/> Marye	<input type="checkbox"/> Separe	<input type="checkbox"/> Divòse	<input type="checkbox"/> Vèf/Vèv	<input type="checkbox"/> Plase

Si w pral gen yon avoka k ap reprezante w, tanpri ekri non avoka a, adrès kouryèl li, ak nimewo telefòn li.

Non Avoka w la	Adrès kouryèl Avoka w la	Nimewo Telefòn Avoka w la ()
----------------	--------------------------	----------------------------------

II. Kesyon lalwa kouvri yo

Mwen kwè yo fè diskriminasyon kont mwen sou kesyon:
<input type="checkbox"/> Travay
<input type="checkbox"/> Lojman
<input type="checkbox"/> Kote oubyen Sèvis Piblik (restoran, magazen, lotèl, sal sinema, elatriye...)

III. M ap pote plent kont (Non Defandè a)

Non legal ann antye			
Adrès	Vil	Eta	Kòd Postal

Nimewo telefòn ()	Sit Entènèt oswa adrès kouryèl
----------------------------	--------------------------------

Non moun ki fè aksyon diskriminatwa kont mwen an (yo)

Non	Tit
Non	Tit
Non	Tit

Dat aksyon diskriminatwa a te fèt

Dènye aksyon diskriminatwa a te fèt nan dat: _____ / _____ / _____ Mwa Jou Lane
--

IV. Enfòmasyon sou Jiridiksyon

<p>Èske ou kwè nenpòt nan rezon sa yo te lakòz diskriminasyon yo fè kont ou a? (Make ti kare ki koresponn ak repons ou a [yo])</p> <p> <input type="checkbox"/> Ras <input type="checkbox"/> Koulè <input type="checkbox"/> Peyi kote ou te fèt la <input type="checkbox"/> Relijyon <input type="checkbox"/> Paske ou se gason oubyen fi <input type="checkbox"/> Idantite w kòm gason oubyen fi <input type="checkbox"/> Oryantasyon seksyèl <input type="checkbox"/> Andikap <input type="checkbox"/> Laj ou <input type="checkbox"/> Paske ou marye, selibatè, oswa plase <input type="checkbox"/> Poutèt kondisyon fanmi w </p>
--

Èske ou deja depoze menm plent sa a devan yon Ajans Federal, yon Ajans Eta a, oswa yon Ajans Lokal kont diskriminasyon?

Non Wi (si w reponn "Wi", ekri enfòmasyon yo mande pi ba la a)

Non Ajans lan	
Desizyon Ajans lan	
<hr/> <hr/> <hr/>	
Nan ki dat ou te depoze plent lan?	Nan ki dat yo te pran desizyon an

Diskriminasyon nan Travay

Reponn kesyon nan paj sa a **sèlman** si se nan kesyon **travay** yo fè diskriminasyon kont ou. Osinon, janbe nan paj ki apre a.

Konbyen moun ki t ap travay nan kote sa a?

- 1-4 5-14 15 – 100 101 oubyen plis

Èske kounye a w ap travay nan konpayi, oswa nan biznis, oswa pou moun ou di ki fè diskriminasyon kont ou a?

Wi

Dat ou te koumanse nan travay la _____ / _____ / _____
Mwa Jou Lane

Kouman yo rele travay w ap fè a?

Non

Ki dènye dat ou ale nan travay la _____ / _____ / _____
Mwa Jou Lane

Kouman yo rele travay ou t ap fè a?

Konpayi an pa te ban mwen travay la.

Dat ou fè aplikasyon an _____ / _____ / _____
Mwa Jou Lane

Aksyon Diskriminatwa

Kisa konpayi an, biznis la, oswa moun w ap pote plent kont li a te fè? Make tout sa ki aplikab yo.

- Refize ban mwen travay Revoke mwen / Sispansyon tanporè
- Pa fè m tounen apre yon sispansyon tanporè Sispann mwen
- Pèsekite oswa kaponnen mwen (lòt anbetman ki pa pou sèks) Anbete m pou sèks
- Refize ban m fòmasyon Refize m yon pwomosyon oswa yon ogmantasyon salè
- Peye m pi piti salè pase lòt moun Refize m konje pèsònèl oswa menm avantaj ak kòlèg mwen yo
- Ban mwen fè lòt kalite travay oswa travay ki pi mal Refize m aranjman kòlèg mwen yo ka jwenn pou menm travay la pou andikap yo genyen
- Refize m aranjman pou devwa relijye mwen Ban mwen yon avètisman disiplinè oswa yon move evalyasyon pou pèfòmans mwen
- Lòt aksyon diskriminatwa _____

Diskriminasyon nan Lojman

Reponn kesyon nan paj sa a **sèlman** si se nan kesyon **lojman** yo fè diskriminasyon kont ou. Osinon, janbe nan paj ki apre a.

<p>Kimoun ki fè diskriminasyon kont ou?</p> <p><input type="checkbox"/> Devlopè Imobilye <input type="checkbox"/> Labank oswa lòt kote ki prete lajan <input type="checkbox"/> Manadjè/Sipèvizè Apatman</p> <p><input type="checkbox"/> Pwopriyetè/Mèt Kay <input type="checkbox"/> Ajan Komèsyal <input type="checkbox"/> Asosyasyon Kondo</p> <p><input type="checkbox"/> Lòt moun _____</p>
<p>Ki kalite lojman sa te ye?</p> <p><input type="checkbox"/> Kay pou yon sèl fanmi <input type="checkbox"/> Woulòt <input type="checkbox"/> Bilding ki genyen ant 2 ak 4 apatman</p> <p><input type="checkbox"/> Kay pou 2 fanmi <input type="checkbox"/> Lokal komèsyal <input type="checkbox"/> Bilding ki gen 5 apatman oswa plis</p> <p><input type="checkbox"/> Lòt kalite lojman _____</p>
<p>Èske se yon pwopriyete yo t ap vann oswa yo t ap lwe?</p> <p><input type="checkbox"/> Yo t ap vann <input type="checkbox"/> Yo t ap lwe</p>
<p>Èske se la ou rete kounye a?</p> <p><input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non</p>

Adrès Pwopriyete a:

Adrès	Vil	Eta	Kòd Postal

Aksyon Diskriminatwa

<p>Kisa konpayi an, biznis la, oswa moun w ap pote plent kont li a te fè? Make tout sa ki aplikab yo.</p> <p><input type="checkbox"/> Refize lwe oswa vann ban mwen <input type="checkbox"/> Mete m deyò / Menase mete m deyò</p> <p><input type="checkbox"/> Refize m aksè pou yon andikap mwen genyen <input type="checkbox"/> Refize m menm kondisyon, privilèj, oswa sèvis lòt lokatè yo te ka jwenn</p> <p><input type="checkbox"/> Fè diskriminasyon kont mwen nan prete lajan oswa nan finansman <input type="checkbox"/> Fè piblisite yon jan ki diskriminatwa</p> <p><input type="checkbox"/> Pèsekite m poutèt mwen se gason oubyen fi, oswa peyi kote mwen fèt, ras mwen, andikap mwen genyen, elatriye...</p> <p><input type="checkbox"/> Lòt aksyon diskriminatwa _____</p>

Diskriminasyon nan Kote oswa pou Sèvis Piblik

Reponn kesyon nan paj sa a **sèlman** si se nan yon **kote oswa** pou yon **sèvis piblik** yo fè diskriminasyon kont ou. Osinon, janbe nan paj ki apre a.

Kimoun ki fè diskriminasyon kont ou?

- Kote ki fè komès detay (magazen)
- Obèj, lotèl, motèl, oswa lòt kote moun ka desann
- Restoran, kafeterya, refektwa, kontwa pou moun manje, fontèn soda, oswa lòt kote ki vann manje oubyen ki sèvi manje kòm aktivite prensipal yo
- Ba, salon, kafe, oswa lòt kote ki vann bweson alkalize pou moun bwè menm kote a, kòm aktivite prensipal yo
- Kote ki fè sinema, teyat, sal konsè, sal konvansyon, oswa lòt kote ki fè espektak pou divètisman
- Lòt kote _____

Adrès Etablisman Piblik la:

Adrès	Vil	Èta	Kòd Postal

Aksyon Diskriminatwa

Kisa konpayi an, biznis la, oswa moun w ap pote plent kont li a te fè? Make tout sa ki aplikab yo.

- Refize m sèvis
- Refize m yon chanm
- Refize fè aranjman rezonab pou moun andikape
- Enpoze kontra oswa kondisyon ki pa menm ak lòt moun pou sèvis
- Lòt aksyon diskriminatwa _____

RÈS PAJ SA A PA DWE GEN ANYEN KI EKRI LADAN

Diskriminasyon pou Andikap

Reponn kesyon nan paj sa a **sèlman** si w ap pote plent kont diskriminasyon pou **andikap**.
Osinon, janbe nan paj ki apre a. Si doktè dyagnostike w tankou yon moun ki gen yon andikap fizik
oubyen mantal, mete yon kopi dyagnostik doktè w la avèk papyè sa a.

Make tout sa ki aplikab yo.

- Wi, mwen se yon moun andikape.
- Mwen pa andikape kounye a, men mwen te gen yon andikap anvan.
- Mwen pa andikape, men konpayi an, biznis la, oswa moun lan trete m kòm si mwen te andikape.

Ki andikap ou kwè ki rezon aksyon yo pran kont ou an (yo)?

Ki konsekans andikap ou a genyen sou kapasite w pou pale, pou fè aktivite nòmal ou, pou dòmi, manje, respire, travay, tande ak/oswa pale?

Èske ou pran medikaman, oubyen sèvi ak ekipman medikal oswa nenpòt ki lòt mwayen pou redui oswa eliminen sentòm andikap ou genyen an? Wi Non

Si w reponn "Wi", nan ki pwen medikaman oswa lòt mwayen ou sèvi a rive korije andikap oswa pwoblèm ou genyen an (yo)? _____

Èske ou gen yon bèt k ap ede w? Wi Non Ki kalite bèt (tankou, yon chen)?

Ki sèvis bèt la fè pou ou? _____

Èske ou mande fè nenpòt chanjman, oswa ede w, oswa fè aranjman pou ou poutèt andikap ou a (aranjman rezonab)?

Wi Non

Si w reponn "Wi", kilè ou te mande sa? _____ Kijan ou te mande sa (nan bouch oubyen sou papyè)?

Ki moun ou te mande sa? (Bay tout non moun lan, ak tit li nan travay li)

Esplike ki chanjman, asistans, oswa aranjman ou te mande fè: _____

Kisa yo reponn lè ou mande chanjman, asistans, oswa aranjman an? _____

RÈS PAJ SA A PA DWE GEN ANYEN KI EKRI LADAN

Esplikasyon sou Aksyon Diskriminatwa a

Pou chak plent ou depoze, bay esplikasyon sou sa ki rive w. Tanpri bay dat yo ak non moun yo, epi esplike pou kisa ou kwè aksyon an te diskriminatwa.

Si w bezwen plis plas pou w ekri, ou mèt kontinye sou yon fèy papye separe, epi tache l avèk Fòmilè pou Pote Plent lan.

Enfòmasyon Sipleman

Bezwen Espesyal – Mwen bezwen:

- a) Yon tradiktè (di nan ki lang): _____
- b) Aranjman pou yon andikap: _____
- c) Lòt bezwen: _____

Temwen – Moun ki nonmen pi ba la yo te wè oubyen yo te tande lè aksyon diskriminatwa a te fèt, epi yo kapab sèvi kòm temwen:

Non: _____ Tit nan travay: _____

Nimewo telefòn: _____ Kisa moun lan ye pou mwen: _____

Kisa moun lan te temwen ki rive?: _____

Non: _____ Tit nan travay: _____

Nimewo telefòn: _____ Kisa moun lan ye pou mwen: _____

Kisa moun lan te temwen ki rive?: _____

Lòt enfòmasyon:

Èske ou fè rapò oubyen pote plent, sou aksyon diskriminatwa a, nan lòt kote? *(Si w pale sa ak moun nan lòt kote, oubyen si w depoze yon rapò oswa voye yon lèt bay yon moun sou aksyon diskriminatwa a, di si moun nan lòt kote a se yon sipèvizè, oswa yon manadjè, oswa mèt konpayi kote ou travay la, oubyen si se nan biwo resous imen an, nan sendika w, oswa bay moun kote ou rete a, oswa bay lapolis, elatriye...).* _____

Dat ou te fè rapò oswa pote plent kont aksyon diskriminatwa a: _____

Di aklè kouman ou te pote plent kont aksyon diskriminatwa a? *(Kijan ou te pale ak moun nan lòt kote a sou sa? Kouman ou te depoze rapò a, oubyen pote plent fòmèl la, oubyen fè reklamasyon nan sendika a? Kisa ou te di?)*

Kisa ki te rive apre ou pote plent lan? Èske yo te mennen ankèt sou plent ou te pote a? Èske yo te pran okenn aksyon pou plent ou te pote a? Èske aksyon diskriminatwa a te sispann? Èske gen moun ki fè vanjans sou ou paske ou te pote plent lan?)

Si ou pa te fè rapò kont aksyon diskriminatwa a, tanpri esplike pou kisa:

Egzanp ki montre kèk ka lòt moun yo te fè diskriminasyon kont yo, menm jan ak sa ki rive w la: (Pa egzanp, moun menm manadjè a te pèsekite, oswa pran aksyon disiplinè kont yo, oswa revoke pou menm rezon yo, oubyen moun yo te refize fè aranjman pou yo pou menm rezon yo, elatriye...) Si w ap depoze yon plent pou diskriminasyon anrapò avèk ras, koulè, peyi kote ou te fèt, relijyon, si w se yon gason oubyen yon fi, oubyen pou idantite w kòm gason oubyen fi, oryantasyon seksyèl, andikap, kondisyon w kòm selibatè oubyen moun marye, oswa plase, oubyen poutèt laj, di ki ras, ki koulè, peyi kote moun w ap pale yo te fèt, ki relijyon yo, si yo se gason oubyen fi, oubyen ki idantite yo kòm gason oubyen fi, oryantasyon seksyèl, andikap, kondisyon yo kòm selibatè oubyen moun marye, oswa plase, laj, elatriye..

Egzanp lòt moun yo te trete pi byen pase w: (Pa egzanp, moun yo pa te revoke poutèt menm rezon yo revoke w la, oswa ki kalite moun yo te pèmèt rete nan yon magazen lè yo te di w soti, elatriye...) Si w ap depoze yon plent pou diskriminasyon anrapò avèk ras, koulè, peyi kote ou te fèt, relijyon, si w se yon gason oubyen yon fi, oubyen pou idantite w kòm gason oubyen fi, oryantasyon seksyèl, andikap, kondisyon w kòm selibatè oubyen moun marye, oswa plase, oubyen poutèt laj, di ki ras, ki koulè, peyi kote moun w p pale yo te fèt, ki relijyon, si moun yo se gason oubyen fi, oubyen ki idantite moun yo kòm gason oubyen fi, oryantasyon seksyèl, andikap, kondisyon yo kòm selibatè oubyen moun marye, oswa plase, laj yo, elatriye...)

Antant / Konsilyasyon

Pou rive nan yon antant sou Plent sa a, mwen ta aksepte: (Tanpri, esplike kisa ou vle yo fè avèk plent ou pote a. Èske se yon lèt ou vle pou mande w eskiz, oswa ou vle yo reprann ou nan travay la, oswa pou yo sispann pèsèkite w, elatriye?) - *Kesyon sa a fakiltatif; kidonk, ou mèt chwazi pou w pa reponn li.*

Si w bezwen plis plas pou w ekri, ou mèt kontinye sou yon fèy papye separe, epi tache l avèk Fòmilè pou Pote Plent sa a.

RÈS PAJ SA A PA DWE GEN ANYEN KI EKRI LADAN

SÈTIFIKASYON NOTÈ SOU FÒMILÈ POU POTE PLENT LAN

Dapre enfòmasyon ki ekri nan fòmilè sa a, mwen deklare Defandè a komèt yon aksyon diskriminatwa ilegal, ki se yon vyolasyon Òdonans Minisipalite Miami Beach sou Dwa Moun lan (2010-3669). Mwen byen konprann yo pral montre Defandè a tout enfòmasyon, oswa yon pati nan enfòmasyon ki ekri nan Fòmilè pou Pote Plent sa a.

Mwen pa koumanse okenn lòt aksyon sivil, ni mwen pa gen okenn aksyon ki nan men yon ajans administratif, dapre lwa okenn Eta ni okenn lwa lokal, anrapò avèk menm aksyon diskriminatwa ilegal sa a.

Mwen fè sèman, oswa mwen deklare, epi si sa mwen di a pa vre, yo mèt jije m pou paji, se mwen ki Pleyan nan zafè sa a; mwen li (oubyen mwen fè yon moun li pou mwen) plent ki pi wo la a, epi mwen konnen sa ki ekri nan plent lan; epi tout sa ki ekri la a vre ak kòrèk, dapre sa mwen konnen, ak dapre enfòmasyon mwen genyen, ak dapre sa mwen kwè.

Siyen tout non legal ou

Dat: _____

ETA _____ MINISIPALITE _____

Moun sa a fè sèman (oswa li deklare) ak siyen sa li di a devan mwen, jodi a ki se dat _____ 20__.

Siyati Notè Piblik – Eta Florid

(SO NOTÈ PIBLIK LA)

Non Notè Piblik la (ekri an lèt detache, oswa enprime, oswa poze ak so)

Mwen konnen moun lan pèsònèlman _____

OSWA moun lan montre yon pyès didantite _____

Ki pyès didantite li montre _____